

## ANEKS 2

### Sou Konsèy Nasyonal Tranzisyon an

**Atik 1.-** Anèks sa a defini misyon, fonksyon, manda ak obligasyon Konsèy Nasyonal Tranzisyon an (KNT). KNT a kreye paske gen nesesite pou korije vid enstitisyonèl nan pouvwa lejislatif ak ekzekitif pandan tranzisyon an.

**Atik 2.-** Nòmalmman, pou respekte prensip transparans yo, lis sektè ki patisipe nan chwazi manm pou yon ògann ansanm avèk non manm sa yo dwe pibliye pou pi piti yon (1) semèn anvan enstalasyon ogann sa a, epi anvan li kòmanse travay ofisyèlman.

**Atik 3.** Enstans ki responsab pou leve lis manm yo ap fè abitraj si gen kontestasyon. Si sa nesesè lap òganize l pou ranplase manm yo estime apre abitraj ki pa ta gen kapasite.

**Atik 4.** Pou moun vin manm KNT a fòk li :

- 1) Ayisyèn osnon Ayisyen dorijin epi li pa janm renonse nasyonalite l ;
- 2) Genyen 30 lane ;
- 3) Jwi tout dwa sitvil ak dwa politik li, epi li pa janm kondane pou krim ak lòt enfraksyon dwa komen ;
- 4) Pat janm resevwa sanksyon legal pou frod oswa koripsyon pa yon ògan oubyen yon tribinal ki konpetan ;
- 5) Respekte tout sa lalwa mande nan zafe peye taks pandan senk (5) denye lane yo ;
- 6) Pa te janm gen men tranpe nan krim san oswa krim finansye.

**Atik 5.-** Sizoka yon sektè pa ta rive bay non reprezantan li an ou reprezantant li yo nan KNT a 72è apre envitasyon Biwo Swivi a, Komisyon an kapab mande yon lòt sektè. Antouka, fòk reprezantasyon rejyon yo byen konsidere. Tout jan, fòk reprezantasyon rejyonal lan respekte. Parite fanm ak gason epi patisipasyon jèn yo dwe konsidere tou.

**Atik 6. -** Misyon KNT a se eli egzekitif bisefal tranzisyon an.

KNT a ap chwazi yon Prezidan/Prezidant Tranzisyon an ak yon Chèf gouvènman sou baz:

Kritè eksperyans ak konpetans

Kritè etik, adopte prensip bon gouvènans (transparans, responsablite, patisipasyon, enklizyon, efikasite, Eta Dwa)

Respekte egzijans legal nan peye enpo pou senk (5) denye lane yo. Fòk kandida yo koresponn ak kritè yo epi ak kondisyon ki prevwa nan atik 135 konsitasyon 1987 la.

Manda Konsèy Nasyonal Tranzisyon an ap fini lè Prezidan/Prezidant tranzisyon an ak Chèf gouvènman an finn enstale. Apre sa Konsèy Nasyonal Tranzisyon an ap entegre Ògann Kontwòl Tranzisyon an.

Konsèy Nasyonal Tranzisyon an (KNT) a pap eli Prezidan/Prezidant tranzisyon an ak chèf gouvènman an sou baz kritè ak règleman ki defini nan Akò a.

**Atik 7.-** KNT a genyen senkantde (52) manm diferan sektè sosyal ak politik yo chwazi. Biwo Suivi a ap fikse konpozisyon KNT a sou baz kandidati sektè yo prezante.

**Atik 8.-** Fonksyon Konsey Nasyonal Tranzisyon an ap fini le enstalasyon Prezidan osnon Prezidant lan ak Chef gouvènman tranzisyon an fin fet.